

Non Elèv la (Tanpri ak Lèt Detache) _____ Dat Nesans Elèv la: _____ / _____ / _____
Mwa Jou Ane

Si li vin obligatwa pou yon elèv pran medikaman oswa resevwa tretman pandan jounen lekòl la, paran oswa responsab la dwe ranpli fòmilè demann sa a epi depoze l nan biwo enfimye eskolè a. Si se doktè ki preskri medikaman an oswa tretman an, paran an oswa responsab la dwe bay yon preskripsyon alekri doktè timoun nan bay oswa etikèt famasi aktyèl la ak demann lan. Lòd yon doktè nesèsè tou pou echantyon preskripsyon petèt yo te bay elèv la, oswa pou nenpòt medikaman san preskripsyon ki pa rekòmande pou timoun ki poko gen laj douz an.

Tout lòt medikaman ki vann san preskripsyon dwe nan bwat orijinal ki gen non ak dat nesans elèv la. Y ap suiv enstriksyon ki sou etikèt yo pou tout medikaman ki vann san preskripsyon sof si yon doktè preskri yon lòt fason.

Otorizasyon Paran oswa Responsab

Mwen mande pou yo bay timoun/pipiy mwen an medikaman ki dekri pi ba a nan lè yo ki presize pandan jounen lekòl la. M ap bay enfimye a medikaman an nan bwat orijinal li oswa nan boutèy preskripsyon aktyèl la.

Mwen konprann yon paran oswa responsab ap pote tout medikaman yo ale epi soti lekòl la. Yo dwe pran medikaman yo nan dènye jou lekòl la, sinon y ap jete medikaman yo.

Mwen konprann ke si pitit mwen an gen plis pase sèt (7) medikaman mwen dwe ranpli yon lòt fòmilè anplis pou medikaman sa yo. Demann sa a aplikab pou yon ane lekòl e li dwe renouvle chak ane oswa chak fwa gen yon chanjman nan medikaman.

Mwen konprann se sèlman manm pèsònèl otorize ki pral bay timoun mwen an medikaman an (yo) epi yo pral kenbe medikaman yo yon kote ki an sekirite nan klinik enfimye lekòl la.

Pou medikaman ki bezwen nan frijidè, mwen rekonèt pandan y ap estoke medikaman elèv mwen an nan klinik lekòl la, kòporasyon lekòl la ak Community Health Network pa responsab varyasyon tanperati ki ka lakòz pwoblèm nan kalite pwodwi a. Paran an/responsab legal la ap responsab pou ranplasman pwodwi. Yo kontwole tanperati frijidè a chak jou nan jou lekòl yo.

Tanpri ranpli tablo ki nan pwochen paj la pou tout medikaman (yo) w ap bay otorizasyon pou enfimye/enfimye lekòl la bay pandan ane lekòl la, ak lè sa aplikab pandan kou dete a.

Mwen bay pèmision m pou timoun mwen ki nan klas 9yèm ane rive 12yèm ane pote lakay la nan fen ane lekòl la nenpòt medikaman ki pa itilize.

Siyati Paran oswa Responsab

Dat

Non an Ak Lèt Detache

#Telefòn Prensipal / _____
/ _____
Lòt #Telefòn

